

Kalandriye mwen



Prentan



Ete

Sezon



Otòn



Ivè

Title : Sezon
Author : Maude Heurtelou
Pages & Cover Design : Peterson Joseph

© Copyright 2012, Educa Vision Inc.

All rights reserved. No part of this book may be reproduced or transmitted in any form or by any means, electronic or mechanical, including photocopying, recording or by information storage or retrieval system except by a reviewer who may quote brief passages in a review to be printed in a magazine or a newspaper without permission in writing from the author.

For more information, please contact:

Educa Vision Inc.
2725 NW 19 Street
Pompano Beach, FL 33069
Telephone: (954) 968-7433
E-mail: educa@aol.com
Web: www.educavision.com



Prentan



Ete



Otòn



Ivè

Yon ane gen kat sezon. Eske ou
konnen sezon sa yo?

2



1. Prentan

Prentan kòmanse 20 mas pou rive 19 jen. Li dire 92 jou.

1



2. Ete

Ete kòmanse 20 jen pou rive 21 septanm. Li dire 92 jou.

3. Otòn

Otòn kòmanse 22 septanm pou rive 20 desanm. Li dire 90 jou.

4



3

4. Ivè

Ivè kòmanse 21 desanm pou rive 19 mas. Li dire 89 jou.



Nan sezon lapli, boujon soti, epi,
semans jèmen.

Sezon sa a kòmanse 20 mas,
li fini 19 jen.

Ki sezon sa a ye?
Prentan.



Nan sezon prentan gen anpil
van. Timoun renmen monte kap.



Gen yon sezon ki gen plis limyè
solèy. Sezon sa a kòmanse 20 jen,
li fini 21 septanm.
Ki sezon sa a ye?
Ete.



Gen yon sezon ki gen anpil
chalè. Fè cho anpil. Timoun
renmen ale nan dlo.



Gen yon sezon pou fèy chanje
koulè. Sezon sa a kòmanse
22 septanm, li fini 20 desanm.
Ki sezon sa a ye?
Otòn.



Nan sezon otòn anpil fèy tonbe.
Fèy yo chanje koulè. Timoun ale
ranmase fèy pou fè boukè.



Gen yon sezon lè li fè frèt. Gen
kote lanèj tonbe. Sezon sa a
kòmanse 21 desanm,
li fini 19 mas.
Ki sezon sa a ye?
Ivè.




Nan sezon ivè, fè frèt. Timoun
mete chanday sou yo. Si gen
lanèj yo fè tonton lanèj.



Gen 4 sezon nan yon ane.
Prentan, ete, otòn ak ivè. Lè ane
a fini, sezon yo rekòmanse.



Prentan



Ete



Otòn



Ivè

Enfòmasyon sou otè a



Maude Heurtelou se yon ekriven ki pibliye 2 woman ak 25 liv timoun. Pandan pase 30 an, li te fè fòmasyon timoun, fanmi, gwoup ak pwofesyonèl sou sijè sante, nitrasyon epi ak lòt sijè ki gen rapò ak kilti ayisyen, amelyorasyon kalite lavi, san konte sou diferan teknik motivasyon pou ansèyman nan lekòl. Chak ane, li ale nan plizyè bibliyotèk Florida pou fè lekti pou timoun epi ankouraje paran li ak pitit yo tou. Alèkile, li pase anpil tan ap devlope liv syans epi ak lòt liv lekti pou timoun. Liv sa a se youn nan koleksyon liv konsèp yo. Nou swete timoun, paran ak pwofesè ap enterese nan tout koleksyon an.